

FON SOULAJMAN LWAYE BOSTON

Kesyon sou Elijiblite

1

Èske ou se yon lokatè k ap chèche asistans pou lwaye ki anreta oswa pwochen lwaye, depans ki gen rapò avèk demenajman, oswa sèvis piblik pou rezidans prensipal ou, ki lokalize nan vil Boston?

—NON—

PA ELIJIB: Asistans se sèlman pou lwaye ak/oswa sèvis piblik pou rezidans prensipal yo ki lokalize nan Vil Boston.

WI

2

Èske revni lakay ou mwens pase oswa egal nan 80% AMI pou gwosè l?

Tanpri remake ke etidyan gradye ak sa yo ki nan kolèj aplentan pa elijib pou asistans RRF.

Rezidan lojman piblik yo ta dwe kontakte manadjè pwopriyete yo sou pwogram aryere lwaye Otorite Lojman Otorite Boston [Boston Housing Authority rental arrears program].

—NON—

PA ELIJIB : Revni fanmi yo dwe verifye nan oswa anba 80% AMI.

WI

3

Èske nenpòt moun nan fanmi w demontre risk pou sanzabri oswa enstabilite lojman? Sa ki gen ladan:

- Aryere sèvis piblik/avi pou lwaye (yo)
- Avi sou degèpisman
- Kondisyon sante ki malsen oswa danjere
- Rediksyon nan revni fanmi an
- Ogmantasyon nan depans fanmi an akòz COVID-19

—NON—

PA ELIJIB : Fanmi an dwe demontre risk sanzabri oswa enstabilite lojman.

WI

4

Èske fanmi w gen aryere lwaye oswa aryere nan sèvis piblik apati oswa apre 13 Mas 2020?

—NON—

PA KALIFYE: Sèlman aryere nan oswa apre 13 Mas kapab kouvri

WI

SI OU REPONN “WI” POU TOUT 4 KESYON YO, OU KAPAB ELIJIB POU SOULAJMAN LWAYE.

Anvan ou kòmanse aplikasyon an, tanpri kolekte dokiman ki annaprè yo/enfòmasyon: dokiman ki gen foto pou responsab fanmi an, kopi siyen kontra lwaye aktyèl oswa kontra lokatè, souch chèk aktyèl (de (2) pi resan), konplete lis manm nan kay la, konplete lis sous revni yo, ak enfòmasyon kontak pou pwopriyete kay la / manadjè pwopriyete.

Vizite boston.gov/housing-stability oswa rele (617) 635-4200 pou w jwenn lòt enfòmasyon sou dwa ou genyen antanke lokatè.